

New York State

Low Income Household Water Assistance Program

Èske ou bezwen èd pou peye fakti dlo ak dlo ize ou dwe yo?

Pwogram Asistans Dlo pou Fanmi ki gen Revni ki Fèb la (Low Income Household Water Assistance Program, LIHWAP) la ka ede.

LIHWAP se yon pwogram èd ijans pou dlo potab ak dlo ize ki finanse atravè nouvo resous federal yo. Benefis yo baze sou montan fakti dl ak dlo ize ki pa peye ke moun ki aplike a dwe. Asistans sa sible fanmi ki gen revni ki fèb yo epi enstriksyon sou revni yo ap reflekte sa Pwogram Asistans pou Kouran nan Kay la (Home Energy Assistance Program).

Benefis LIHWAP yo baze sou montan reyèl aryere fakti dlo potab ak/oswa dlo ize yo, jiska yon maksimòm 2,500 dola pa konpayi dlo potab oswa dlo ize, oswa 5,000 dola si sèvis dlo potab ak dlo ize yo konbine pa fanmi. Yo peye benefis yo dirèkteman bay konpayi dlo potab ak/oswa dlo ize fanmi an(yo).

Kalifikasyon ak benefis yo baze sou:

- revni,
- gwosè fanmi an,
- fanmi an genyen yon sitwayen Ameriken, nasyonal Ameriken oswa etranje ki kalifye ak
- montan yo dwe konpayi dlo potab ak/oswa dlo ize a (yo).

Aplikasyon prensipal yo dwe bay:

- Prèv idantite
- Prèv kote ou abite
- Dokimantasyon sou revni ou genyen ak revni ou pa genyen
- Yon fakti dlo potab, dlo ize, oswa yon fakti dlo potab ak dlo ize konbite ki site rezistans pèmanan epi prensipal yo
- Yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) valab
 - Y ap mande SSN manm fanmi siplemantè yo

Pou plis enfòmasyon, vizite <https://otda.ny.gov/LIHWAP>

